QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov kıchasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«20» – Декабрь 2021-y. №03-02/01-5721 «____» – __________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Ишки Ислер министрлигине**

***Сизиң 2021-жыл 03-декабрь күнги 10/1514-санлы хатыңызға:***

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизиң 2021-жыл 3-декабрь күнги 10/1514-санлы хатында атап өтилген қәте-кемшиликлерди сапластырыў бойынша төмендегилерди билдиреди.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанында мәжилис болып өтти. Мәжлисте Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2021-жыл 3-декабрь күнги 10/1514-санлы хатында атап өтилген қәте-кемшиликлерди сапластырыў, алдағы ўақытта жол қоймаў ҳаққындағы хаты ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 19-майдағы "Республика аймағында жәмийетлик тәртипти сақлаў, ҳуқықбузарлықлар профилактикасы ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиўдиң нәтийжелигин асырыў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында"ғы ПҚ-3786-санлы қарары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 10-февраль күнги 01-07/13-02/33-санлы көрсетпеси талапларына муўапық, барлық қала ҳәм район ҳәкимлери, прокурорлары ҳәм ишки ислер органлары басшыларының "Қала ҳәм район аймағында жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын-алыў иләжларына кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелерди қорықлаў хызметин қатнастырыў нәтийжелигин асырыў шаралары ҳаққында"ғы қоспа қарарлары қабыл етилгенлиги атап өтилди.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы мәжилистиң 2021-жыл 16-декабрьдеги 12/6-санлы баянламасы менен жоқарыда атап өтилген қәте-кемшиликлердиң келип шығыўына, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеби, 25-санлы ҳәм 41-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры тәрепинен нызам талапларының орынланыўын тәмийинлеўде жуўапкерсизлик пенен қарағаны, олардың үстинен қадағалаў өз ҳалына таслап қойылғанлығы, тараўды тәртипке салыўда техник хызметкерлердиң өз лаўазым мәжбүриятларын талап дәрежесинде орынламай атырғанлығы себеп болған ҳәм бул жағдай бойынша 22-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеп директоры Ш.Ембергенова, 25-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры Г.Аллахова ҳәм 41-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры К.Қалмуратовлар қатаң түрде ескертилип, мектеп қараўылы Қ.Сабуров, Б.Файзуллаев ҳәм М.Махамбетовларға

өз хызмет ўазыйпаларына немқурайлық пенен қарап, өзи боларлыққа таслап қойғанлығы ушын Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясы, 1-бәнти менен **«Сөгис»** интизамий жаза шарасы қолланылды.

***Қосымша: «______» – беттен ибарат.***

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаўшы: М.Асеметдинов
Тел: 8 (361) 222-16-51

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz
t.me/uzedu
facebook.com/uzedu
instagram.com/uzedu.uz

“ТАСТЫЙҚЛАЙМАН”
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
____________ Р.Реимов

“____” - __________2021-жыл

## Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы мәжилис

## БАЯНЛАМАСЫ

№ 12/6

“16” – декабрь 2021-жыл Нөкис қаласы

**Мәжилис баслығы:** **Р.Реимов** - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри

**Қатнасты:** Минист орынбсарлары ҳәм министрликтиң бөлим баслықлары, Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлими баслығы, сектор баслықлары ҳәм де бөлимге карaслы мектеп директорлары.

## КҮН ТӘРТИБИ:

1. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2021-жыл 3-декабрь күнги 10/1514-санлы хатында атап өтилген кәте-кемшиликлерди сапластырыў ҳәм де алдағы ўақытта жол қоймаў ҳаққындағы хаты

---

*Р.Реимов, К.Бекбаулиев, Ш.Тажимуратов, И.Балтабаев, М.Асеметдинов, С.Жуманиязов, С.Хабипов, А.Еримбетов ҳ.т.б*

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша министр Р.Реимов мәжилисти кирис сөз бенен ашып берди ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2021-жыл 3-декабрь күнги 10/1514-санлы хатында атап өтилген кәте-кемшиликлерди оқып еситтирип, төмендегилерге тоқтап өтти:

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 19-майдағы “Республика аймағында жәмийетлик тәртипти сақлаў, хуқықбузарлар профилактикасы ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў нәтийжелигин асырыў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында”ғы ПҚ-3786-санлы қарары ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 10-февраль күнги 01-07/13-02/33-санлы көрсетпеси талапларына муўапық, барлық қала ҳәм район ҳәкимлери, прокурорлары ҳәм ишки ислер органлары басшыларының “Қала ҳәм район аймағында жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў ҳәм хуқықбузарлықлардың алдын-алыў иләжларына кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң қорықлаў хызметин қатнастырыў нәтийжелигин асырыў шаралары ҳаққында”ғы қоспа қарарлары қабыл етилгенлиги атап өтилди.

Нөкис қалалық ҳәкимлиги, прокуратура ҳәм икши ислер органлары жумысларын муўапықластырыў басқармасының 2020-жыл 13-февраль күнги қоспа қарары талапларына тийкар, қала аймағында жәмийетлик тәртипти сақлаў, пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў, ҳуқықбузарлықлар ҳәм жынаятшылықтың алдын алыў, хызмет алып барып атырған Қарақалпақстан Республикасы ИИМ ППХ ҳәм ЖТСБ Патруль пост хызмети хызметкерлери тәрепинен өзлериниң ҳәкимшилик аймағында жайласқан кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң қорықлаў хызметлериниң сергеклигин асырыў мақсетинде үйренип шығылғанда бир қатар қате-кемшиликлер анықланған.

Атап айтқанда, 2021-жыл 29-ноябрь күни саат 02:00 лер шамасында Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектебинде нәўбетши қараўыл Сабуров Қадирбай өз жумыс ўазыйпасына бийпарўалық пенен қарап, садыр етилиўи мүмкин болған урлық жынаяты ҳәм тағы басқада затлардың талан-тараж қылыныўына шәрт-шәраят жаратып, ханалардың биринде уйқылап жатырған, сол күни саат 02:30 лер шамасында Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 41-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде нәўбетши қараўыл Файзуллаев Барлықбай өз жумыс ўазыйпасына бийпарўалық пенен қарап, садыр етилиўи мүмкин болған урлық жынаяты ҳәм тағы басқада затлардың талан-тараж қылыныўына шәрт-шәраят жаратып, ханалардың биринде уйқылап жатырғанлығы мәлим болған.

Буннан басқада, 2021-жыл 1-декабрь күни саат 02:30 лер шамасында Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 25-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде нәўбетши қараўыл өз жумыс ўазыйпасына бийпарўалық пенен қарап, садыр етилиўи мүмкин болған урлық жынаяты ҳәм тағы басқада затлардың талан-тараж қылыныўына шәрт-шәраят жаратып, өз жумыс орнында улыўма жоқ екенлиги анықланған.

Жоқарыда атап өтилген кәте-кемшиликлердиң келип шығыўына, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеби, 25-санлы ҳәм де 41-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры тәрепинен нызам талапларының орынланыўын тәмийинлеўде жуўапкерсизлик пенен қарағаны, олардың үстинен қадағалаў өз ҳалына таслап қойылғанлығы, тараўды тәртипке салыўда техник хызметкерлердиң өз лаўазым мәжбүриятларын талап дәрежесинде орынламай атырғанлығы себеп болған ҳәм бул жағдай бойынша 22-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеп директоры Ш.Ембергенова, 25-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеп директоры Г.Аллахова ҳәм 41-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеп директоры К.Қалмуратовлар қатаң түрде ескертилип, мектеп қараўылы Қ.Сабуров, Б.Файзуллаев ҳәм М.Махамбетовларға өз хызмет ўазыйпаларына немқурайлық пенен қарап, өзи боларлыққа таслап қойғанлығы ушын өз Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясы, 1-бәнти менен **«Сөгис»** интизамий жаза шарасы қолланылды.

Министр орынбасары Ш.Таджимуратов өз сөзинде жоқарыдағылардан келип шығып, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мектеби директоры ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы тәрепинен нызам талапларының орынланыўын тәмийинлеў туўралы өз пикирин билдирип өтти.

Буннан кейин сөзге шыққанлар өз сөзлеринде билимлендириў мәкемелеринде күн тәртибинде қаралып атырған усындай ҳәм усыған усаған қәте-кемшиликлерди болдырмаўдың алдын алыў ис-иләжларын көриў, билимлендириў мәкемелери жумысларын нызам талаплары тийкарында алып барыў ҳаққында атап өтти.

Күн тәртибиндеги қаралып шығылған мәселелерди үйренип шығып мәжилис

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2021-жыл 3-декабрь күнги 10/1514-санлы хатында көрсетип өтилген қәте-кемшиликлерди сапластырыў ҳәм де алдағы ўақытта жол қоймаў ҳаққындағы хаты басшылыққа алынсын.

2. Күн тәртибиндеги мәселе бойынша министр Р.Реимовтың баянаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин ҳәмде онда атап өтилген қәте-кемшиликлерди сапластырып, белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы тәмийинленсин.

3. Усы баянламада берилген тапсырмалар ҳәм қосымша таярланған мәлимлемелер мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Билимлендириў мәкемелери басшыларының ҳәмде барлық техник хызметкерлердиң ишки тәртип қағыйдаларына әмел етиўи, оларды лаўазым мәжбуриятлары менен таныстырыў, жумысқа келиў-кетиў ҳәм де жумыс ислеў тәртиплери нәтийжели шөлкемлестирилсин.

5. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы билимлендириў мәкемелери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

- хатта көрсетилген мәселелерди улыўма орта билим бериў мәкемелери менен биргеликте кеңейтирилген мәжилисте додалап, көрсетилген қәте-кемшиликлерди сапластырып, алдағы ўақытлары бундай бундай унамсыз жағдайларға жол қойдырмаў ис-илажларын ислеп шығыў;
- билимлендириў мәкемелеринде нәўбетшиликке түскен қараўыллардың сергеклигин күшейттириўде, жумыс ўақтында бийпарўалық пенен уйқлап қалыў, спиртли ишимликлер ишиў, кумар ойын ойнаў ҳәм тағы басқада унамсыз жағдайлардың алдын алыў бойынша әмелге асырылып атырған жумысларға итибарсызлық пенен қарағанлығы ушын тийисли хызметкерлерге лаўазымынан азат етиўге шекемги болған интизамий шаралар көриў;

6. Усы мәжилис қарарының орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Баянламаны рәсмийлестирген:** Р.Сеитимбетов

Нокис каласы 22-санлы канигелестирилген мамлекетлик улыума билим бериу мектеби бойынша

94-санлы БУЙРЫКТАН коширме

Нокис каласы 16-декабрь 2021ж

**Сабуров Кыдырбай**- 2021 жылы 29-ноябрь куни тунги наубетшлик уактында оз жумыс уазыйпасына бийпаруалык пенен караганы ушын Озбекстан республикасы Мийнет кодексинин 181-статья 1-бантине тийкарланып “согис” берилсин.

Тийкары: Каракалпакстан Республикаси Ишки Ислер Министрлигинин 2021 жыл 3-декабрьдеги 10/1514-санлы хати

Мектеп директоры Ш.Ембергенова

**NÓKIS QALALÍQ XALÍQ BILIMLENDIRIW BÓLIMINE QARASLÍ**
**41-SANLÍ ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEBI DIREKTORÍNÍŃ**
***BUYRÍǴÍNAN KÓSHIRME***

17- Dekabr 2021 jıl № 108-к Nókis qalası

**Intizamiy jaza sharasın qollanıw haqqında**

**B.PAYZULLAEV** – mektep qarawılına óz xızmet wazıypasına nemquraydılıq penen qaraǵanlıǵı ushın Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksiniń 181-statyası 1-bánti menen «SÓGIS» járiyalansın.

**Tiykarı:** B.Payzullaevtıń túsinik xatı, Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrliginiń 2021-jıl 3-dekabrdegi 10/1514-sanlı xatı.

**Direktor** **K.Xalmuratov**

Нөкис қалалық №41 санлы
улыўма билим бериў
мектеби директоры
С. Халмуратовқа
мен мектеб қараўылы
Пайзуллаевтан

# Түсиник хат

2021 жыл 29-ноябрь шекки ислер жазылатқанлар өтерлимен тексерў ўақтында мен жумыс ўақтында түнги саат $2^{30}$ лар шамасында уйықлап қалғанлығымды мойынлайман, бул жэтклигимди енди қайталамайман деп Пайзуллаев. Б.

17. 12. 2021.

Буйрыктан коширме № 36

25-орта мектеп 17-декабрь 2021-жыл

Мектеп карауылы Махамбетов Мухан 2021-жыл 1-декабрь куни тунги наубетшиликте мектеп имараты ишинде болып тексерип келген ИИБ хызмекерине хабарласпаганы ушын мектеп хакимшилиги тарепинен согис жариялансын.

Мектеп директоры: Г.Аллахова

Нөкис қаласының 25 санлы
улыума билим бериу
мектеби директоры
Г. Алимовоға Мен
Мохамбетов Мухоннан

# Түсиник хат

Мен 25-мектеп қорауылы Мохамбетов Мухон 2021 жыл 1 декабрь саат түнги $1^{30}$ лерда котёлхона ишинде пешти қосып өшириуши автоматик насазлық болып сол күнги наубетшы оператор менен насазлықты түнги саат $3.^{15}$ лерде саплаштырдық түнги саат $2^{30}$ да келген тексериу уақытында мектеп имаратының ишинде болмағанлығымды мойынлайман.

Түсиник хат бериуши Мохамбетов М.

Мм.